Добавил(а) Administrator
24.05.11 20:12 -

ВОВ. Погибли за Кавказ, воюя как тигры

Кавказ ц1унулаго ц1иркъаллъун лъугьана.

…Кавказ ц1унулаго бит1ахъегосеб фронталда рук1ун руго 186 районцояв. Гьезул киназего гуреб т1адруссине рес щвараб 48 районцояв хут1ана г1агараб Кавказалъул ракьалда даимго: Алмахъалдаса – 12, Буртунаялдаса -10, Гуниялдаса -9, Миякьоса ва Дилималдаса 5-5, Хубаралдаса ва Ц1обокьа – 2-2, Ичкаялдаса, Гъозталаялдаса ва Гертмаялдаса цо-цо рагъухъан мух1канаб адресалда рукъун руго. Руго цого росулъ яги шагьаралда цого къоялъ 4 нилъер районцояв вукъиялъул х1ужабиги.
…Дирго суал бач1унеб буго-кидадай нилъ ургъила с.т.г1.в. Мух1амад аварагасул «Жиндир агьлу лъайги, жиндир агьлу бокьиги сират1алдаса ворч1и буго» абурал раг1абазда т1ад?
…Х1ажатаб буго «За оборону Кавказа» медалалъул к1одо гьаруразда сверухъг1аги доб гьалагаб рагъул гьайбатаб бергьенлъиялъул 60 сон т1убаялда хурхарал тадбирал гьаризе. Алмахъалда гьеб шапакъат кьун буго 56 чиясе, Буртунаялда-97, Гертмаялда -52, Гуниялда – 20, Гъозталаялда - -14, Дилималда -219, Ичкаялда -23, Хубаралда -55, Калининаулалда -13, Ленинаулалда- 170 чиясе. Узухъда, гьанже ч1аго гьел киналго гьеч1о, нахъе хут1ун руго… Къарумлъизе ва к1вах1аллъизе бегьиладай нахъе ругел, жиде г1оло г1умруги къуватги кьурал багьадурзабазул гьунаралъул бицунеб юбилей к1одо гьабизе.

г. "Чапар" 08.09.95